

## Renouvèlman Inovasyon Winthrop School Deklarasyon sou Enpak Ekite

**Tit:** Renouvèlman Inovasyon John Winthrop Elementary School

**Dat:** 8 Jen 2022

Èske yo te itilize [Zouti pou Planifikasyon Ekite Rasyal](#) la?  Wi  Non

Si wi, antre dat rankont REPT a ansanm ak lyen pou mennen w nan REPT ki fini an isit la:

Èske yon manm nan Divizyon pou Lakin nan Egalite, Estrateji ak Opòtinite a te analize deklarasyon sa a?  Wi  Non

Seksyon ki Gen Rapò ak Zouti Planifikasyon Egalite Rasyal BPS yo	Rezime/Motif
<p><b>1. Pwopozisyon/Prezantasyon ak Enpak</b> <i>Ki rezilta ou dezire nan pwopozisyon/efò a, sitou nan zafè elimine diferans? Ki moun ki te dirije travay/planifikasyon sa a, epi èske yo refleto idantite gwoup elèv ak fanmi BPS yo (gwoup ki pi enpòtan yo se moun ki fè pati gwoup Nwa, Latino-ameriken, Azyatik, endijèn, imigran, miltileng, epi ki gen eksperyans nan Edikasyon Espesyal la)?</i></p>	<p>Plan Inovasyon pwopoze Winthrop School ap chèche amelyore prezans ak pwogrè akademik yo pou elèv ki defavorize ekonomikman yo, elèv Nwa/AfwoAmeriken yo ak Latino yo, aprenan anglè yo, ak elèv ki andikape yo gras ak divès otonomi espesifye nan pwogram yo, ansèyman, ak evalyasyon; pèfeksyonman pwofesyonèl pwofesè yo ak pèsònèl la; ak angajman famiyal. Travay sa te rive fèt gras ak yon seri reyinyon administratif, ak yon reyinyon pati prenan ki gen ladan yo divès pwofesè, pèsònèl soutyen ak divès paran elèv Winthrop yo. Paran ki ap asiste reyinyon entèvenan ki pale kreyòl ayisyen ak kap vèdyen yo. Yo gen elèv Nwa ki frekante Winthrop School ki reprezante antesedan rasyal majorite popilasyon elèv la.</p> <p>Administrasyon Winthrop School gen ladan l reprezantasyon Dyaspora Afwo Ameriken, ki se 75% popilasyon total lekòl la. Pi presizeman, de (2) moun ki se desandan Afriken ki te esklav nan Etazini ak yon moun ki se desandan Endyen Lwès yo. Ekip la gen ladan l tou yon moun ki gen yon vas eksperyans nan edikasyon espesyalize. Nan pèsònèl 20 moun nou yo k ap anseye, moun ki gen idantite majinalize yo gen ladan yo kat moun ki idantifye kòm Nwa/Afwo Ameriken, yon moun Latino, ak yon moun Azyatik. Nou ap travay pou ogmante kantite pèsònèl ki reprezante Ameriken Nwa/AfwoAmeriken yo, miltileng yo, ak moun Latino yo pou kreye yon kominote aprantisaj ki reprezante pi etwat popilasyon elèv la.</p>
<p><b>2. Aliyman ak Plan Estratejik la</b> <i>Kijan pwopozisyon/efò a aliyen ak plan estratejik distri a?</i></p>	<p>Plan Inovasyon pwopoze a alinye sou premye priyorite distri a jan li enonse nan plan estratejik la: elimine eka opòtinite ak reyisit yo. Plan vize pou fèmen eka sa yo avèk divès otonomi tankou adapte yon orè prensipal ki pran an chaj divès blòk syans adisyonèl, nan konplete pwogram yo, ak nan ajiste evalyasyon yo pou reponn ak bezwen elèv yo, ak nan kreye tan devlopman pwofesyonèl adisyonèl pou anseyan yo aprann divès pratik ekite ki ede elèv yo fè pwogrè akademik.</p>
<p><b>3. Analiz Done</b> <i>Ki done yo te analize? Èske yo te divize l selon ras ak lòt gwoup ki pi enpòtan yo? Kisa l te revele konsènan diferans yo?</i></p>	<p>Kominote Winthrop la te revize Objektif Anyèl Mezirab lekòl yo, ki te rive adapte ak ane sa pou mezire kwasans ak reyisit pou tout elèv k ap itilize done Mezi Pwogrè Akademik yo (MAP). Done yo te vantile pa divès gwoup kle, ki gen ladan l ras, aprenan anglè yo, ak elèv ki andikape yo. Done yo te montre ke Latino yo ak Aprenan Lang Anglè yo ap fè pwogrè, men toujou genyen disparite pou elèv Nwa yo, ak elèv ki andikape yo.</p>
<p><b>4. Angajman Aktè yo</b> <i>Ki moun yo te angaje (kantite, gwoup ki pi enpòtan yo ak wòl), kijan ak kisa sa a bay? Kisa elèv/fanmi pwopozisyon/efò sa te pi afkete yo te di?</i></p>	<p>Nan 4 Me 2022, yon reyinyon pati prenan te konvoke avèk pwofesè yo, pèsònèl sipò yo, ak fanmi yo. Yon apès Plan Inovasyon te rive bay, done reyisit elèv yo te revize, epi patisipan yo te founi kòmantè sou Objektif Anyèl Mezirab yo. Fanmi yo te ekspriye apresyasyon pa yo pou aksede resous adisyonèl yo (tankou sipò tradiksyon ansanm ak founiti manto livè), ak aktivite mansyèl pou anpòte yo. Fanmi yo te endike ke konferans pwofesè yo ansanm ak aktivite lekòl yo an antye pafwa difisil pou patisipe ladan yo akoz de konfli orè, epi te mande aksè ak titora pandan tout ane lekòl la e ak divès resous kominotè adisyonèl tankou yon</p>

	rezèv alimantè.
<p><b>5. Estrateji san Patipri sou Kesyon Ras</b>  <i>Kijan pwopozisyon/efò sa a fè bese diferans yo epi ogmante egalite rasyal ak lòt egalite? Ki konsekans ki pa volontè ki posib? Ki estrateji konplemantè ki pral pèmèt pwosesis egalite a vanse pi lwen?</i></p>	<p>Plan Inovasyon Winthrop la pwopoze otonomi ki vize mitije disparite, ogmante ekite, ak pwomouvwa reyisit akademik tankou otonomi pa rapò ak orè prensipal la. Avèk otonomi sa, orè a gen yon doub blòk adisyonèl syans pou elèv 3yèm rive nan 5yèm yo. Sa ofri ak elèv yo divès eksperyans pratik nan Syans, Teknoloji, Enjenyeri, ak Matematik (STEM) pou elèv ki ak konstui divès konpetans adisyonèl pou aplike a lòt domèn kontni yo. Adisyonèlman, otonomi sou pwogram prensipal la ofri yon soutyen ak elèv ki bezwen fè divès pwogrè akademik. Pwofesè espesyalis rale soti ak pouse nan klas pou soutni elèv ki gen bezwen pi elve yo sou baz done yo. Done evalyasyon yo te montre ke opòtinite sa yo te ogmante divès pwogrè akademik, epi yo ap fèmen divès eka opòtinite pou elèv Nwa yo ak elèv ki gen bezwen espesyal yo.</p> <p>Yon lòt otonomi kle se tan devlopman pwofesyonèl adisyonèl (PD) pou pwofesè yo. Pwofesè yo gen yon total 60 PD èdtan pandan tout ane lekòl la, founi divès opòtinite pou done revizyon yo, kolabore ak planifye nan objektif pou reponn ak bezwen elèv yo, ansanm ak eka reyisit yo. Adisyonèlman, pwofesè yo t ap resevwa PD sou pratik literasi ekitab pou fè pwogrese ekite nan Winthrop.</p> <p>Divès konsekans envolontè posib Plan Inovasyon Winthrop ta ka rive pwodui nan angajman nou pou founi divès pwogram ak divès evalyasyon apwopriye ki reponn ak bezwen elèv nou yo epi ki kiltirèlman adapte. Pa egzanp avèk otonomi divès pwogram, Winthrop te ka itilize potansyèlman divès pwogram yo pa t egzamine swànnyezman pou asire yo ke yo kiltirèlman adapte ak elèv yo. Nou pwoteje tèt nou kont sa nan kontwole pwogram yo, nan konplete pwogram BPS yo ak nan bay ak pwofesè yo mwayen pou yo vin konsomatè kritik. Pwofesè yo ap itilize PD pou reflechi atravè divès fason pou fè ansèyman pa yo ansanm ak pwogram pa yo vin pi enklizif.</p> <p>Ajoute yon klas 6yèm ane nan Winthrop se yon estrateji konplemantè pou fè ankò pwogrese ekite a. Ajoute yon klas 6yèm ane pral elimine yon tranzisyon lekòl pou fanmi yo yon jan pou, avanse, elèv Winthrop yo pral tranzite jeneralman jis yon fwa apati de yon eksperyans K-6yèm ane nan Winthrop rive nan yon eksperyans 7yèm-12yèm ane nan lekòl segondè selon chwa pa yo. Done yo montre ke limitasyon divès tranzisyon konble eka opòtinite yo.</p>
<p><b>6 Bidjè ak Ekzekisyon</b>  <i>Ki enpak bidjè a fè? Kòman ekzekisyon an ap asire tout objektif yo, sitou objektif ki gen rapò ak egalite yo, reyalize? Ki Idantite gwoup ekip ekzekisyon an, epi èske yo ap pote yon vizyon egalite?</i></p>	<p>Bidjè Winthrop School la p ap chanje sou baz mizajou Plan Inovasyon an.</p> <p>Konsèy Sit Lekòl la (SSC) pral sipèvize mizannè Plan Inovasyon an, epi pral evalye an pèmanans pwogrè pou atenn objektif li yo. Pwogram SSC a ap itilize yon fòma kote tout pati prenan yo gen konvèzasyon ouvri nan yon optik ekite ki vize elimine eka opòtinite yo ak reyalizasyon yo. SSC se reprezantan kominote lekòl nou an, ki gen ladan l manm pwofesè yo ak fanmi yo apati de yon varyete antesedan rasyal ak etnik, liyezon fanmi, ak kowòdonatè City Connects.</p>
<p><b>7. Responsablite ak Kominikasyon</b>  <i>Kòman yo pral evalye enpak, dokimante epi kominike yo ak aksyonè yo? Ki moun ki pral responsab?</i></p>	<p>Winthrop prevwa pou òganize divès seyans fòmasyon twa fwa pa ane kote nou pral rasanble tout pati prenan yo, pral efekte yon vizit gide tout lekòl la, pral egzamine done yo epi pral diskite mizannè Plan Inovasyon an. Anplis, Ekip Lidèchip Pedagojik la (ILT) reyini chak mwa pou evalye pwogrè lekòl la. ILT pral responsab pou rasanble tout pati prenan yo, epi kominike pwogrè plan ak pwochèn etap yo. Nou pral entegre tou mizajou sou Plan Inovasyon nou an nan Tab Wonn sou Ekite Baze nan Lekòl, SSC, ak Konsiltasyon Paran Lekòl yo pandan Ane Lekòl 2022-23 an.</p>